

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kiwari, kaulinan tradisional geus kaéréd ku parobahan jaman, utamana kamekaran téhnologi. Misalna waé, loba kaulinan-kaulinan modéren anu dianggap leuwih pikaresepeun tibatan kaulinan tradisional. Barudak leuwih apal kana *PS2*, *PS3*, *game online*, *gamebot*, *nitendo*, jeung réa-réa deui. Kaulinan tradisional ogé beuki teu dipikawanoh, lantaran ayeuna mah buruan imah téh hareurin jeung jarang manggihan tegal nu lega keur ulin. Jadi, barudak rék bisa arulin kumaha lamun euweuh fasilitasna mah, sedengkeun lolobana kaulinan tradisional mikabutuh tempat nu lega. Ku kituna, geus jarang manggihan barudak ngarumpul bari ulin sondah, galah, bancakan, béklen, boy-boyan, ucing nagog, ucing dua lima, jeung sajabana.

Saupama kaayaan saperti kitu diantepkeun, lila-lila kaulinan tradisional Sunda téh bakal tumpur. Hal ieu bakal ngarugikeun masarakat Sunda sorangan, lantaran bakal kaleungitan salah sahiji ciri has kabeungharan budayana. Salian ti éta, barudak ayeuna moal wanoh deui kana kaulinan tradisional. Padahal kaulinan tradisional di tatar Sunda leuwih loba mangpaatna tibatan kaulinan modéren. Kaulinan modéren bisa ngajadikeun barudak miboga sipat *individualis* atawa teu maliréna ka lingkungan anu aya di sabudeureunana, jeung deui kaulinan modéren mah ngan saukur meningkeun meunang wungkul, euweuh rasa senangna.

Dalah kumaha gé barudak téh moal bisa hirup *individualis*, sabab manusa téh mahluk sosial. Hartina, manusa teu bisa hirup sorangan tapi mikabutuh jalma séjen dina hirup kumbuhna. Manusa hirup dina hiji kelompok anu disebut masarakat. Dina kahirupan masarakat bakal muncul kabiasaan-kabiasaan dumasar kana laku lampah jeung akal budi anu dipiboga ku manusa. Kabiasaan ieu téh jadi cara mikir manusa anu sok disebut kabudayaan. Koentjaraningrat (dina Setiadi, spk. 2012, kc.28) nétélakeun yén kabudayaan nya éta sakabéh sistem gagasan, tindakan jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dipiboga manusa ku cara diajar.

Manusa jeung kabudayaan moal bisa dipisahkeun, sabab dina hakékatna manusa bakal terus aya hubungan jeung budaya atawa kabudayaan. Dina hirup kumbuhna di masarakat, tangtuna waé manusa mikabutuh komunikasi jeung sasamana. Ku kituna, manusa nyiptakeun sarana-sarana pikeun komunikasi atawa campur gaul jeung sasamana, di antarana kaulinan tradisional.

Disparbud (2009, kc.19) netélakeun yén wangun kaulinan nu hirup di kalangan masarakat téh, salian ti miboga fungsi minangka sarana komunikasi, miboga fungsi séjén, nya éta minangka média diajar. Ieu hal penting pikeun barudak lantaran pikeun diajar dina kahirupanana. Kaulinan tradisional kaasup kana folklor, sabab diwariskeunana sacara turun-tumurun. Kaulinan tradisional téh mangrupa salah sahiji wangun folklor sabagian lisan, tapi dina éta folklor téh aya bagian lain anu asup kana folklor lisan, misalna waé rumpaka-rumpaka kakawihan. Ku kituna, kaulinan tradisional di unggal wewengkon aya anu sarua jeung aya anu bédá. Aya anu ngaran kaulinanana sarua tapi prak-prakanana bédá, prak-prakanana sarua tapi téksna bédá. Ieu hal disababkeun ku prosés sumebarna ngaliwatan tradisi lisan.

Brunvand (dina Disparbud, 2009, kc.18) nétélakeun yén kaulinan téh aya pikeun sawawa jeung barudak. Sabab ieu kagiatan téh bisa ngalatih barudak lulumpatan, ngajleng, udag-udagan, susulumputan, gegelutan, *kagesitan* leungeun saperti ngitung, jeung ngalungkeun batu kana hiji liang nu geus ditangtukeun atawa dumasar kaayaan untung-untungan.

Kaulinan tradisional bisa tetep aya, mekar, atawa bisa ogé tumpur, luyu jeung kahirupan manusa nu makéna. Masarakat anu masih kénéh ngajarkeun kaulinan ka barudakna atawa barudak anu masih kénéh ulin sacara tradisional téh geus teu pati réa. Saenya kaulinan tradisional téh mangrupa bagian tina kabudayaan Sunda anu kudu diriksa jeung dimumulé, lantaran éta téh salah sahiji tittinggal budaya karuhun anu luhung ajénna.

Salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé budaya daerah pangpangna kaulinan tradisional nya éta ku cara ngayakeun panalungtikan. Ku ayana panalungtikan, budaya daerah kaulinan tradisional bisa didokuméntasikeun dina wangun tinulis tur bisa dianalisis nepi ka bisa kanyahoan struktur pangwangunna. Sanggeus

didokuméntasikeun sarta dianalisis struktur pangwangunna, éta data bisa digunakeun pikeun bahan pangajaran hususna bahan pangajaran maca.

Panalungtikan ngeunaan kaulinan tradisional atawa kaulinan barudak anu kungsi dilaksanakeun di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah nya éta ku: (1) Dede Priana Putra (2008) anu judulna “Ajén Sosiologis Kaulinan Tradisional di Désa Sukatali Kecamatan Situraja Kabupaten Sumedang”, (2) Januar Prayitno (2009) anu judulna “Kaulinan Barudak Lembur di Kecamatan Sétu Kabupaten Bekasi pikeun Bahan Ajar di SD Taman Rahayu 01 Kecamatan Sétu Kab. Bekasi”, (3) Sri Mulyani (2011) anu judulna “Ajén Atikan dina Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupaten Bogor pikeun Bahan Pangajaran di SD”, jeung (4) Erlian Permata Sari (2011) anu judulna “Ajén Falsafah dina Kaulinan Tradisional Sunda di Kacamatan Batujajar pikeun Pangajaran Siswa Kelas VIII di SMP Bhakti Mulya Batujajar Kabupaten Bandung”. Dumasar kana keterangan di luhur, panalungtikan ngeunaan kaulinan tradisional atawa kaulinan barudak geus aya nu nalungtik. Tapi nu nalungtik ngeunaan struktur dina kaulinan tradisional di Désa Pagerwangi can aya, ku kituna, panalungtikan anu judulna “Struktur dina Kaulinan Tradisional di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah dina ieu panalungtikan téh ngeunaan kaulinan tradisional. Sangkan pedaran teu méngpar jeung teu lega teuing ambahana, masalah dina ieu panalungtikan baris diwatesan ngeunaan struktur kaulinan tradisional di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sacara umum, dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah panalungtikan ngeunaan kaulinan tradisional dirumuskeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur kaulinan tradisional nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat?
- 2) Kumaha bahan pangajaran maca ngeunaan matéri kaulinan?

1.3 Tujuan Panalungtikan sacara Umum jeung Husus

1.3.1 Tujuan Umum

Panalungtikan ngeunaan struktur kaulinan tradisional miboga tujuan nya éta pikeun miara jeung ngamumulé hasil karancagéan masarakat Sunda jaman baheula hususna kaulinan tradisional, sarta pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) nganalisis struktur kaulinan tradisional nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat;
- 2) nyusun bahan pangajaran maca tina kaulinan tradisional nu kapanggih di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngawanohkeun kaulinan tradisional Sunda sangkan kaulinan tradisional Sunda teu tumpur kalindih ku kamekaran jaman.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, bisa nambahana pangaweruh dina widang budaya, hususna ngeunaan kaulinan tradisional;
- 2) pikeun guru bisa jadi pangdeudeul pikeun bahan ajar pangajaran basa jeung sastra Sunda;
- 3) pikeun siswa sangkan bisa leuwih wanoh deui kana kaulinan tradisional;
- 4) pikeun masarakat réa bisa nambahana pangaweruhna ngeunaan budaya Sunda, hususna kaulinan tradisional nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat, sarta sangkan masarakat bisa ilubiung dina ngamumulé budaya Sunda.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Struktur organisasi nyusun skripsi eusina ngeunaan wincikan runtusan tulisan tina unggal bab jeung bagian bab, ti mimiti bab hiji nepi ka bab ahir.

BAB I : Bubuka nu ngabahas ngeunaan kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan sacara umum jeung husus, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi nyusun skripsi. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu baris ditalungtik.

BAB II : Kajian Téori ngeunaan folklor, kaulinan tradisional, struktur, jeung bahan pangajaran maca.

BAB III : Métode Panalungtikan, nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

BAB IV : Struktur kaulinan tradisional jeung kaulinan tradisional pikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

BAB V: Kacindekan jeung saran.